




an patenarya ak:



NYC
HEALTH+
HOSPITALS

Kijan pou ede yon moun ki bezwen swen sante mantal

JWENN ÈD KOUNYEYA.....	3
JWENN YON PWOFEZYONÈL SWEN SANTE MANTAL.....	6
ÈD POU MOUN KI GEN DIFIKILTE POU YO RETE KONEKTE AK SWEN YO.....	8
JWENN TRETMAN NAN LOPITAL.....	10
SIPÒ ANT KONFRÈ.....	13
JWENN SIPÒ POU FANMI, ZANMI AK MOUN K AP BAY SWEN.....	14



Nan Vil Nouyòk, chak moun gen aksè ak swen sante ki garanti – sa enkli swen sante mantal.

Gen sèvis a ba pri oswa sèvis gratis ki disponib nan plizyè lang, nan katye ki toupatou nan Vil Nouyòk — kèlkeswa kouvèti asirans, laj, estati imigrasyon oswa kapasite pou peye.

Bezwen sante mantal yo ka pran plizyè fòm. Sèvi ak gid sa a pou jwenn pi bon kalite èd la.

JWENN ÈD KOUNYEYA

Pale ansanm ak yon konseye nan domèn sante mantal, gratis

NYC Well, liy asistans konplè Vil la pou sante mantal ofri sipò gratis e konfidansyèl 24 sou 24/7 jou sou 7 nan telefòn, mesaj tèks oswa tchat. Konseye yo ka bay:

- Sipò imedya pou pwoblèm tankou estrès, depresyon, anksyete oswa konsomasyon dwòg ak alkòl
- Sèvis èd pou kriz, sèvis èd pou anpeche suisid, ak
- Sipò ki soti nan men Konfrè Espesyalis, ki gen eksperyans pèsonèl ak pwoblèm sante mantal oswa pwoblèm konsomasyon sibstans

Nouyòkè yo ka kontakte NYC Well pou tèt pa yo oswa pou lòt moun. Jèn moun yo ka rele pou paran yo oswa pou moun k ap ba yo swen yo e nenpòt moun ka rele NYC Well pou yon timoun. Gen sipò ki disponib pou moun tout laj e yo ka ba yo sipò nan plis pase 200 lang.

- Rele **1-888-NYC-WELL (1-888-692-9355)**
- Ekri “Well” nan yon tèks epi voye l bay 65173
- Tchat anliy nan nyc.gov/nycwell
- Sèvis Relè pou Moun ki Pa Tande/Moun ki Pa Tande Byen: Rele 711
- Español: Prese 3
- 中文: Prese 5

Èd an pèsòn pou yon kriz sante konpòtmantal ijan

Si w enkyete pou tèt ou, pou yon paran oswa pou yon lòt manm fanmi w, pou yon zanmi oswa yon konesans ki fè (oswa ki riske fè) yon kriz sante konpòtmantal, **ou ka rele NYC Well epi mande yon Ekip Kriz Mobil (Mobile Crisis Team).**

Soti 8:00am rive 8:00pm sèt jou pa semèn, Ekip Kriz Mobil la rive anjeneral nan kèk èdtan pou ede moun ki pa ka oswa moun ki pa vle pran swen yo. Ekip Kriz Mobil yo:

- Gen ladan medsen ak konfrè nan domèn sante mantal,
- Li bay ni timoun ni granmoun sèvis lakay yo, e
- Li entèvni nan ka kriz, degrenngolad, evalyasyon e yo asosye tretman ak sipò pèmanan pou swen sante mantal ak konsomasyon sibstans

Ou pa oblije gen asirans pou resevwa sèvis nan men Ekip Kriz Mobil la, men y ap faktire moun ki gen kouvèti asirans yo.

Èd sante mantal dijans pou yon moun ou panse ki ka sanzabri

Si w wè yon moun nan yon plas piblik e ou panse yo ka sazanbri e yo bezwen atansyon annijans, rele **311 epi mande yon ekip èd pou sanzabri**. Ekip sa yo ofri asistans imedya, transpò pou ale nan yon refij, jesyon pèmanan pou ka ak evalyasyon pou kriz medikal oswa kriz sante mantal ki ka nesosite yon entèvansyon annijans.

Èd annijans pou sante mantal

Si yon moun prezante danje imedya pou tèt yo oswa pou lòt moun, rele **911**. Lè sa apwopriye, ajan polis ak pèsonèl Sèvis Medikal Dijans yo ap entèvni e yo ka transpòte yon moun nan anbilans pou mennen l lopital.

JWENN YON PWOFFESYONÈL SWEN SANTE MANTAL

Jwenn yon pwofesyonèl swen sante mantal

NYC Well ka ede w jwenn pwofesyonèl swen sante ki bon pou ou a, kèlkeswa kouvèti asirans ou, nan itilize yon varyete bazdone pwofesyonèl swen sante konpòtmantal nan Vil Nouyòk.

- Egzaminen bazdone pwofesyonèl swen sante NYC Well la nan nyc.gov/nycwell, klike sou “**Find Services**” (**Jwenn Sèvis**) nan meni an oswa rele **1-888-NYC-WELL (1-888-692-9355)** epi mande pou pale ak yon konseye pou ede w jwenn pwofesyonèl swen sante ki bon pou ou a

Pou Nouyòkè ki gen asirans sante yo, anplis de rele NYC Well, ou ka kontakte konpayi asirans sante w la tou pou jwenn pwofesyonèl swen sante ke asirans ou a kouvri yo.

Pou Nouyòkè ki pa gen asirans sante yo, pwogram NYC Care la garanti sèvis swen sante konpòtmantal ak fizik ki pa chè oswa ki gratis pou Nouyòkè yo. Tout sèvis yo ofri se atravè NYC Health + Hospitals.

- Pou enskri: Rele **1-646-NYC-CARE (1-646-692-2273)**

Si w ap chèche sèvis pou yon lòt moun, l ap enpòtan pou bay tout detay ou kapab pou espliche poukisa ou panse èd la nesèsè. Prepare w pou dekri:

- Sentom oswa konpòtman enkyetan yo,
- Ki kote yo ka jwenn moun nan,
- Kijan yo ka kontate yo, ak
- Depi kilè ou te remake ke yo bezwen èd

Kalite detay sa ka ede pwofesyonèl swen sante yo entèveni ak sipò ki apwopriye a.

Jwenn èd pou elèv ak fanmi yo

Sipò ak resous pou sante mantal yo disponib pou tout etidyan ak fanmi. Mande Kowòdonatè Paran, Travayè Sosyal Lekòl oswa Konseye Oryantasyon lekòl ou a plis enfòmasyon, oswa vizite nyc.gov/schoolmentalhealth pou aprann kijan pou jwenn sèvis swen sante mantal nan lekòl piblik Vil la.

Konekte pou jwenn sipò pèmanan

Nouyòkè ki Aje yo: Nouyòkè ki aje (laj 60 lane ak plis) ki izole yo ka mande sipò volontè nan pwogram Friendly Visiting oswa pwogram Friendly VOICES. Granmoun ki aje yo ka asosye ak yon vizitè volontè oswa ak yon konfrè ki gen prèske menm laj avèk yo, oswa yo ka patisipe nan yon gwoup vityèl.

- Chèche jwenn sipò etan w rele **Aging Connect nan 1-212-244-6469**

Veteran: Pou veteran ki ka bezwen èd yo, oswa ki bezwen pale ak yon moun, yon volontè ki nan kominote veteran an ka ba yo yon apèl sipò atravè Mission: VetCheck.

- Mande pou yo fè yon kontwòl pou veteran nan nyc.gov/vetcheck

ÈD POU MOUN KI GEN DIFIKILTE POU YO RETE KONEKTE AK SWEN

Tretman kominotè fleksib pou moun ki gen maladi mantal grav

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk la (New York City's Department of Health and Mental Hygiene) ofri yon varyete sèvis pou Nouyòkè ki gen yon maladi mantal grav ki vrèman bezwen jwenn sèvis e ki pa ka toujou jwenn oswa kontinye jwenn tretman sou plas oswa nan klinik. Sèvis sa yo ka enkli kowòdinasyon swen oswa asistans klinik pèmanan nan men yon ekip tretman mobil entè-disiplinè.

Ou bezwen yon referans pou sèvis sa yo e pwofesyonèl swen sante mantal moun nan — doktè pou pasyan ki pa entène, doktè pou pasyan entène — ka kòmanse pwosesis k ap kalifye moun nan pou sèvis sa yo.

- Vizite sitwèb Mental Health: Single Point of Access pou plis enfòmasyon nan <https://www1.nyc.gov/site/doh/providers/resources/mental-illness-single-point-of-access.page>
- Nan sitwèb sa a gen yon deskripsyon sèvis sa yo ak kondisyon yo egzije pou soumèt yon referans, ki enkli yon evalyasyon sikolojik resan ak yon fòm konsantman kliyan. Pou jwenn repons yo bay pou kesyon w poze sou kijan pou aplike, voye imèl bay SPOASupport@health.nyc.gov

Èd entansif pou moun ki gen difikilte pou yo kontinye jwenn tretman e ki prezante yon risk imedya pou tèt yo ak pou lòt moun.

Nan Eta Nouyòk, yon tribinal ka voye manda bay moun ki gen maladi mantal ki gen mwens chans pou yo siviv ansekirite nan kominote a san èd, pou yo patisipe nan tretman sante mantal annakò ak yon lwa ki rele **Tretman Asiste pou Pasyan ki Pa Entène (Assisted Outpatient Treatment, AOT), oswa Lwa Kendra.**

Prèske nenpòt moun ki gen kontak pèsone l oswa kontak pwofesyonèl ak moun nan ka fè rekòmandasyon, sa enkli manm fanmi, kolokatè, pwofesyonèl swen sante, founisè tretman, ak ajan koreksyon, ajan libète sou pawòl oswa ajan pwobasyon.

Aprè yon jij fin òdone pou yon moun ki satisfè kritè legal yo jwenn AOT, y ap konekte moun nan ak pwogram AOT Vil la, kote li pral voye moun nan pran tretman sante mantal pou pasyan ki pa entène e l ap siveye konfòmite yo pou ede yo viv nan kominote a san pwoblèm.

- Pou plis enfòmasyon sou kijan pou kòmanse pwosesis AOT a, vizite <https://www1.nyc.gov/site/doh/health/health-topics/assisted-outpatient-treatment.page> oswa rele nan nimewo prensipal Pwogram Tretman Asiste pou Pasyan ki Pa Entène a nan:
 - Ekip AOT Manhattan: **1-347-396-7373**
 - Ekip AOT Queens: **1-347-396-7004**
 - Ekip AOT Bronx: **1-347-396-7375**
 - Ekip AOT Brooklyn/ Staten Island: **1-347-396-7374**

JWENN TRETMAN NAN LOPITAL

Tretman nan lopital pou maladi mantal

Ospitalizasyon, ke yo konnen tou sou non swen sante mantal pou pasyan ki entène, ka ede estabilize moun ki gen sentom sikyatrik grav yo. Pandan yon sejou pasyan ki entène nan lopital, medsen ak lòt pwofesyonèl swen sante mantal yo pral etabli yon dyagnostik epi kòmanse yon plan tretman. Ospitalizasyon yo ka pwolonje pou plizyè jou oswa pi lontan pandan yon pasyan ap estabilize. Nan plizyè lopital, travayè sosyal yo ap rankontre ak fanmi pasyan pou kreye yon plan egzeyat pou asire ke pasyan yo gen yon kote ki san danje pou yo rete pou yo kontinye suiv tretman lè y ap kite lopital la.

Pou chèche konnen si ospitalizasyon an nesèsè, Nouyòkè yo ka aksede ak yon evalyasyon imedyà, estabilizasyon kriz ak asistans ijan pou sante mantal nan biwo Pwogram Sèvis Sikyatrik Konplè Dijans (Comprehensive Psychiatric Emergency Services Program, CPEP) nan chak awondisman.

- Rele **1-844-NYC-4NYC (1-844-692-4692)** pou jwenn Pwogram Sèvis Sikyatrik Konplè Dijans Sante + Lopital (CPEP) ki toupre w la oswa vizite nyc.gov/nycwell, klike sou **“Find Services” (Jwenn Sèvis)** pou jwenn tout CPEP ki nan Vil Nouyòk yo.

Si yon moun genyen sentom ki enkyetan e li refize ale lopital oswa li refize patisipe nan tretman, yon evalyasyon sikyatrik obligatwa, ki ka lakoz ospitalizasyon fòse, ka yon opsyon. Si moun nan konpòte l nan yon fason ki ka lakoz li blese tèt li oswa lòt moun grav, gen plizyè fason yo ka evalye yo pou detèminen ki liy konduit pou l adopte.

- **Ou ka kontakte sèten pwofesyonèl swen sante medikal** pou detèmine ki pwochen etap ki apwopriye.
 - Pale ak sikyat oswa pwofesyonèl swen sante mantal aktyèl moun ki konsène a, si yo gen youn ke w konnen
 - Rele NYC Well pou mande yon Ekip Swen Mobil nan **1-888-NYC-WELL (1-888-692-9355)**, oswa
 - Rele **1-844-NYC-4NYC (1-844-692-4692)** pou jwenn Pwogram Sèvis Sikyatrik Konplè Dijans Swen + Lopital (CPAP) ki toupre w la oswa vizite nyc.gov/nycwell, klike sou “**Find Services**” (**Jwenn Sèvis**) pou jwenn tout CPEP ki nan Vil Nouyòk yo

JWENN TRETMAN NAN LOPITAL

- **Ou ka depoze yon rekèt pou yon evalyasyon sikyatrik annijans grasa sistèm jidisyè a.** Nan Nouyòk, nenpòt moun ka depoze yon rekèt pou yon lòt moun. Ou pa bezwen gen yon avoka pou depoze yon rekèt. Lè w fin depoze yon rekèt, yon jij ap detèminen si moun ki konsène a gen maladi mantal oswa si li gen konduit dezòdone oswa konduit ki ka lakoz domaj grav pou tèt yo oswa pou lòt moun. Si se sa, jij la ap delivre yon manda k ap egzije pou biwo Sheriff la mennen moun ki konsène a nan tribinal la, kote y ap kenbe yo jiskaske yo ka gen yon dezyèm odyans.

Selon rezilta dezyèm odyans sa a, yo ka voye moun nan fè yon evalyasyon sikyatrik nan yon lopital.

- Pou jwenn tribinal apwopriye ki toupre w la, rele **1-800-COURTNY (1-800-268-7869)**. Pou plis enfòmasyon sou fonksyonman tribinal Eta Nouyòk yo pandan pandemi COVID-19 la, vizite nycourts.gov oswa rele liy asistans kowonaviris la nan **1-833-503-0447**
- **Si yon moun prezante danje imedya pou tèt yo oswa pou lòt moun, rele 911.** Lè sa apwopriye, ajan polis ak pèsònèl Sèvis Medikal Dijans yo ap entèvni e yo ka transpòte yon moun nan anbilans pou mennen l lopital. Pwofesyonèl medikal nan lopital la ap detèminen si moun ki konsène a satisfè kritè pou ospitalizasyon defòs la.

SIPÒ MOUN KI NAN MENM SITIYASYON AN

Jwenn sipò konfrè

Vil Nouyòk gen klèb gratis ki founi sipò kominotè pou moun ki gen antesedan maladi mantal ak move izaj sibstans. Klèb yo, ki fèt pou ede moun reyentegre nan sosyete a ak kenbe pozisyon yo ladann, ofri sipò mityèl ki soti nan men lòt manm, sipò pwofesyonèl pou pèsònèl, fòmasyon pwofesyonèl, opòtinite edikatif ak lyen sosyal.

- Pou jwenn yon Klèb, rele NYC Well nan **1-888-NYC-WELL (1-888-692-9355)** oswa vizite nyc.gov/nycwell, klike sou **“Find Services” (Jwenn Sèvis)** nan meni an epi chèche **“clubhouse” (klèb)**

Pou vin yon konfrè

Atravè Konsèy Administrasyon Sètifikasyon Espesyalis Konfrè Nouyòk yo (New York Peer Specialist Certification Board), moun ki gen eksperyans pèsònèl ak maladi sante mantal ka resevwa fòmasyon epi vin sètifye antanke yon espesyalis nan domèn nan. Yo rekonèt espesyalis konfrè yo kòm pwofesyonèl swen sante kalifye e ki ka travay nan diferan zòn pou asiste lòt moun pandan y ap chèche retabli.

- Pou aprann plis sou avantaj ki genyen lè w vin yon konfrè, ak kijan pou jwenn sètifikasyon, vizite nypeerspecialist.org

SIPÒ POU FANMI, ZANMI AK MOUN K AP BAY SWEN YO

Gwoup sipò yo

Si yon moun ou renmen ap fè fas ak pwoblèm sante mantal, li ka itil pou aprann asiste moun ou renmen an pandan w ap pran swen tèt pa w tou.

Gwoup soutyen, ke moun ki gen eksperyans nan pran swen yon moun ki gen pwoblèm sante mantal anime, ka bay enfòmasyon enpòtan ak kominote.

- NAMI NYC ofri divès gwoup sipò diferan pou fanmi ak zanmi moun ki gen pwoblèm sante mantal yo.
 - Jwenn yon kalandriye gwoup sipò yo nan naminycmetro.org/support-groups-family-members-friends
 - Rele lis asistans NAMI an nan **1-212-684-3264** pou plis enfòmasyon

Pou aprann plis konsènan maladi mantal ak sipò ki disponib pou moun k ap bay swen ak moun ki pwòch moun ki gen maladi mantal yo, vizite nami.org/Your-Journey/Family-Members-and-Caregivers

Konsèy pou fami

Konsèy pou fanmi ke yon pwofesyonèl swen sante mantal bay ka ede amelyore komunikasyon, ede oumenm ak manm fanmi w pi byen konprann antouraj famiyal yo ak konstwi relasyon ki pi solid youn ak lòt.

- NYC Health + Hospitals ofri swen ekspè ke terapè bileng-bikiltirèl ofri nan kad pwogram Terapi Famiyal ke yo ofri nan klinik nan tout vil la.
 - Pou pran yon randevou oswa pou jwenn yon klinik ki toupre w la, rele **1-844-NYC-4NYC (1-844-692-4692)**
- Bazdone sèvis sante konpòtmantal NYC Well la gen ladann plis pase 600 pwofesyonèl swen sante ki bay konsèy pou fami.
 - Vizite nyc.gov/nycwell, klike sou **“Find Services” (Jwenn Sèvis)** nan meni an epi chèche **“family counseling” (konsèy pou fanmi)**
 - Repètwa sa a pèmèt ou triye rezilta yo pa katye, lang moun pale ak kalite asirans
- Ou ka kontakte NYC Well tou epi mande pou pale ak yon konsèyè pou ede w jwenn yon founisè terapi famiyal ki satisfè bezwen w yo.

Nan Vil Nouyòk, gen garanti ke w ap jwenn swen sante mantal. Itilize gid sa a pou rete konekte

Rele NYC Well gratis, asistans konfidansyèl 24 sou 24/7 jou sou 7

- Rele 1-888-NYC-WELL (1-888-692-9355)
- Ekri “Well” nan yon tèks epi voye l bay 65173
- Tchat anliy nan nyc.gov/nycwell
- Sèvis relè pou Moun ki Pa Tande/Moun ki Pa Tande Byen: Rele 711
- Español: Prese 3
- 中文: Prese 5

Pou plis enfòmasyon sou sèvis swen sante mantal yo nan NYC, vizite nyc.gov/mentalhealth



an patenarya ak:



NYC
HEALTH+
HOSPITALS

Si yon moun andanje imedya pou tèt yo oswa pou lòt moun, rele 911